

## **Ayiti: Responsab federasyon Foutbòl la anba Akizasyon Abi Seksyèl FIFA Dwe pran mezi Sispansyon kont Prezidan Federasyon Foutbòl la**

(Nouyòk, 22 Me 2020) – Otorite lajistis [Ayisyen](#) yo dwe mennen bon jan ankèt sou akizasyon abi seksyèl grav sa yo ki fèt kont prezidan Federasyon Foutbòl Ayisyen an (FHF), epi lanse de pouswit serye, se deklarasyon Human Rights Watch fè jodia. Jan [journal The Guardian](#) te rapòte sa a, viktim yo ak manm fanmi yo akize prezidan federasyon an, Yves Jean-Bart, kòm moun ki fòse jenn fi k ap jwe foutbòl nan Sant Teknik Nasyonal la ki nan Kwadèboukè pou fè bagay avèk li.

Federasyon Entènasyonal Foutbòl Asosyasyon (FIFA), ki se enstitisyon mondyal k ap jere foutbòl la [konfime](#) komite etik endepandan li a ap mennen ankèt sou akizasyon ki fèt an Ayiti yo. Human Rights Watch fè konnen FIFA dwe egzèse otorite li epi pran mezi sispansyon kont prezidan FHF la ak nenpòt ofisyèl ki enplike pandan moman ankèt la. Yon mezi konsa ap redui ris abi oswa reprezay kont fanm ak tifi ki nan sikwi foutbòl la nan peyi a. FIFA dwe mennen ankèt li a kote l ap itilize tou yon apwòch ki baze sou viktim yo epi rasire li sansiblite, sekirite ak aksè pou jwenn sipò nan sèvis ki la pou sa yo garanti pandan y ap kontakte epi entèvyouve viktim yo.

“Otorite ayisyen yo dwe mennen ankèt sou tout akizasyon krim ki komèt kont fanm ak tifi ki te toujou reve jwe foutbòl pou peyi yo,”deklarasyon [Minky Worden](#), ki se direktè depatman inisyativ mondyal nan Human Rights Watch. “Prezidan FIFA ki se Gianni Infantino ankouraje fanm ak tifi pou vin jwe foutbòl, e FIFA gen devwa pou li pwoteje tout jwè kont ris pou viktim abi seksyèl ak lòt zak ki gen rapò ak sa”.

Jean-Bart se prezidan federasyon foutbòl ayisyen an depi ane 2000 epi li fèk genyen eleksyon pou yon sizyèm manda. Federasyon an ap kwafe ekip foutbòl jenn yo, gason ak fanm yo ansanm ak antrenman yo. Jean-Bart deja rejte tout akizasyon yo piblikman.

Sepandan, gen yon ansyen jwè Seleksyon Nasyonal Fanm nan ki te pale ak Human Rights Watch te deklare Jean-Bart te konn itilize pwomès kontra oswa bousdetid epi menas pou mete yo deyò nan sant fòmasyon nasyonal la kòm mwayen pou fè presyon sou jenn jwè fanm yo pou fè bagay avèk li.

Jenn fanm sa a, ki te viv epi fòme nan [sant fòmasyon pwoblematik sa an Ayiti](#), te fè Human Rights Watch konnen fanm ak tifi te viktim [de ka abi seksyèl grav](#) pandan ane li t ap viv nan sant lan.

Lè li t ap chèche fason pou li avanse nan karyè pwofesyonèl li kòm jwè, yo te di li kontra l ap genyen yo epi “chans mwen pou m jwe aletranje depann de si m vle kouche ak prezidan an.” Nan laj 16 oswa 17 lane, li te deklare, “li te mete men li sou kwis mwen pou fèm ale avèk li.” Li te temwen tou te gen yon fanm ki t ap travay pou FHF ki te konn vin leve ti medanm yo byen bonè “pou y ale kay doktè” epi yo te konn retounen byen ta nan aswè ak nouvo rad sou yo.” Li deklare tou gen de jenn tifi ki anba ven tan ki tonbe ansent e fè pitit pou prezidan an. “Tout jwè yo, ofisyèl yo ak pèsònèl sant lan te konnen sa te konn pase.”

An Ayiti, se nan gwo goumen fanm ak tifi ye pou jwenn jistis, e vyolans ki baze sou 'jan' an se yon pwoblèm ki gaye tout kote. Ayiti pa genyen de lwa espesifik kont vyolans domestik, abi seksyèl oswa lòt fòm vyolans ki sibler fanm ak tifi. Se sèlman nan lane 2005 yo te klèman rekonèt Vyòl kòm yon krim aprè piblikasyon yon dekrè ministeryèl. Nan lane 2017, [Ministè Sante Piblik Ayisyen an te pibliye yon ankèt](#) ki fè konnen sou chak 8 fanm gen youn (1) ki [rapòte yo sibi vyolans seksyèl](#) nan yon moman nan vi yo.

Human Rights Watch fè yon gwo travay kote li dokimante kòman [fanm an Ayiti k ap chèche jistis kont krim vyolans seksyèl koze ap fè fas a de gwo obstak](#), pami yo repwòch nan men popilasyon an oswa menas. Kèk viktim te resevwa menas oswa presyon akòz yo te depoze plent kont krim sa yo, sa ki fè yo abandone tout akizasyon yo. Nan yon ka ki trè medyatize, te gen yon fanm ki te fè de akizasyon kont yon ansyen minis jistis, kote li di minis la te vyole li an 2012. Aprè sa li rapòte li te konn sibi anpil menas lanmò, sa ki te fè li retire plent li te depoze kont krim sa a.

Òganizasyon k ap defann dwa fanm an Ayiti te mande Minis Jistis la pou pran de mezi imedyatman sa te pase a. “Li vrèman nesèsè pou pwoteje tifi yo epi gade non yo sekrè. Nou enkyè pou sekirite yo,” sa se deklarasyon Yolette Andrée Jeanty, ki se direktè asosyasyon Kay Fanm an Ayiti fè nan [Journal the Guardian](#).

Nan dat ki te 21 Me 2020, Rezo Nasyonal Defans Dwa Moun ([RNDDH](#)), ki baze nan Pòtoprens an Ayiti, [te pibliye yon rapò](#) ki dokimante abi Jean-Bart te fè yo epi “mande pou gen yon bon jan ankèt lajistis sou dosye sa a.”

Nan de lane ki sot pase yo, anpil nan gwo ofisyèl nan kesyon foutbòl nan sistèm FIFA a atravaè planet la te tonbe anba akizasyon asèlman oswa abi seksyèl. An 2019 gen [yon ankèt k ap mennen kont plizyè akizasyon ladan yo asèlman seksyèl prezime](#) sou plizyè fanm ki konsènen Ahmad Ahmad ki se prezidan Konfederasyon Afriken Foutbòl la ak yon vis prezidan FIFA. Ankèt sa ap pouswiv, e Ahmad nye tout akizasyon yo.

An Afganistan, gen de manm nan Seleksyon Nasyonal Fanm nan ki [akize prezidan](#) Federasyon Foutbòl Afgan an (AFF), Keramuudin Karim, ak lòt ofisyèl AFF yo de abi seksyèl, asèlman ak diskriminasyon. FIFA [mete yon entèdiksyon avi](#) kont Karim e li dwe peye yon amann 1 milyon fran Swis (preske 1 milyon dola ameriken). FIFA te sispann Karim ak de lòt manm byen plase nan AFF pandan ankèt li t ap fè sou plent kont abi seksyèl ki te depoze yo, e evantyèlman entèdi yo egzèsè travay yo nan kesyon espò.

Depi 2016, FIFA bay tèt li kòm responsablite pou respekte dwa moun nan Atik 3 Estati FIFA a, li mete kanpe yon Konsèy Konsiltatif pou Dwa Moun, li angaje de moun k ap travay nan kesyon Dwa Moun ak Pwoteksyon Timoun, mete an plas yon sistèm pou resevwa plent kont vyolasyon dwa moun epi adopte an 2017 [Yon Politik Dwa Moun](#) santral ki deklare “angajman ki pran konsènan Dwa moun yo kontrenyan pou tout enstitisyon ak ofisyèl FIFA yo.”

An Jen 2019, FIFA kreye pwogram ki rele “[FIFA Guardians](#)”, ki fè tout lidè foutbòl yo

responsab pou pote “repons sou tout preyokipasyon ki genyen konsènan yon timoun” e li defini tout “liy ki dwe swiv pou idantifye, prevni epi redui ris sa yo pou timoun ki enplike nan foutbòl (selon Atik 3). Men kisa Mesaj Prezidan Infantino te delivre a di:

Ak ansanm zouti sa yo, FIFA etabli de gid prensip ak egzijans minimòm k ap de dirijan ak òganizatè nan espò nou an pou rasire yo gen yon anviwonman ki gen sekirite e ki estimilan pou pi jenn manm fanmi foutbòl la. Yon anviwonman konsa, ki pa konstitye yon privilèj, men yon dwa pou tout timoun.

Jwè foutbòl ayisyen Human Rights Watch te entèvyouve yo fè konnen paran ak atlèt yo te pa t gen pouvwa pou reziste lè prezidan te sible timedam yo pou abize yo sekyèlman epi menase yo pou yo pa pale: “Li se moun ki konn peye bandi ak gangster. Yo pral vin nan sant lan tout tan. Gen yon jwè m konnen ki te resevwa yon apèl dènyeman kote yo di l, ‘ si ou pale, Dadou [Jean-Bart] ap touye w.’”

Li di li pè. Men li di ankò, “Swè pa m se pou ‘Dadou’ fini nan prison pou rann kont a lajistis ak tout lòt manm Federasyon Ayisyen Foutbòl yo tou paske yo te okouran de krim li yo e yo te enplike nan abi sekyèl.”

Worden fè konnen “Aplikasyon sispansyon kont prezidan Federasyon ayisyen foutbòl la ak nenpòt ofisyèl ki enplike pandan gen gwo ankèt k ap mennen sou gwo akizasyon sa yo, yo t ap voye yon sinyal pou montre FIFA vle garanti sekirite jenn atlèt yo kont reprezay.” “Ak menas ki deja fèt yo, FIFA gen devwa pou pwoteje yo pou limite kapasite moun ki nan pozisyon pouvwa yo genyen pou entimite oswa fè akizate yo fè silans.”